

Sijesyon pou fè lekti ak pitit ou ki piti

"Aprann konsènan liv yo ak karaktè enprime yo se yon eksperyans ki trè pèsònèl pou timoun piti yo."

Fountas and Pinnell

- Lektwa awotwa nou fè pou yon timoun piti dwe enteresan e atiran pou timoun nan.
- Chita bò kote l. Pitit ou a dwe kapab manyen e wè liv la, foto yo ak mo yo pandan w ap li.
- Ede pitit ou wè rapò ki genyen ant istwa a ak lavi l, sa ki bò kote l, oswa lòt sa l tandè lè w ap pale avèk li sou kèk nan bagay ki nan istwa a anvan w kòmanse lekti a. (Li ka bon pou w gen yon ide sou yon liv anvan w li l ak pitit ou.) Kontinye konstwi sou rapò sa yo lè w ap pale sou istwa a tank w ap li l.
- Poze kesyon sou istwa a anvan w kòmanse lekti a.
- Pale sou foto yo.

Ou ka lonje dwèt ou sou mo a tank w ap li yon fason pou pitit ou ka suiv lekti a ak je l pandan w ap li.

- Bay pitit ou kèk responsablite pandan w ap fè lekti nan liv yo pou yo ka "patisipe" tou — timoun nan ka ouvri liv la, vire paj yo, fin li fraz li abitye avèk yo, elatriye.
- Fè poz pandan w ap li pou w pale ak pitit ou sou jan istwa a ap dewoule, evènman yo, ak siyifikasyon istwa a.
- Ankouraje pitit ou pou l di sa k pral rive (oswa fen) istwa a.
- Lè w fin li istwa a, pale ak pitit ou sou li. Pa bliye baze sa w ap di yo sou eksperyans timoun nan, sa l panse ak konesans li genyen. (Ou ka pale sou si li renmen istwa a e poukisa, pati li te pi renmen, oswa lòt lyen espesyal, ak siyifikasyon istwa a.)
- Bay pitit ou posiblite pou l rakonte istwa a, e ou t ap ede l — yon bagay ki ka enteresan e itil se sèvi ak foto ki nan chak paj yo kòm gid.
- RELI! BYEN PWOFFITE!